

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dina ieu bagian, panyusun baris nétélakeun kacindekan tina sagala anu ditalungtik. Ieu kacindekan téh ditétélakeun sabada panyusun niténan tur nganalisis sagala hal nu kapanggih tina hasil panalungtikan ka lapangan.

Demi kasimpulan tina ieu panalungtikan, bisa katéén ieu di handap.

1. Upacara Adat *Sérén Taun* nya éta salah sahiji tradisi nu aya di masarakat Sunda, hususna masarakat Cisungsang. Nu nepi ka ayeuna, éta tradisi masih kénéh dilaksanakeun sacara turun tumurun ti karuhun ku masarakat Kasepuhan Cisungsang. Salian ti éta, Upacara Adat *Sérén Taun* mangrupa média sukuran ka Pangéran kana sagala hasil tatanén anu cukul nu ku maranéhanana dilakonan, sarta ngaharepkeun dina taun-taun saterusna sagalana bakal leuwih hadé.
2. Tahapan Upacara Adat *Sérén Taun* nu dilaksanakeun ku masarakat Cisungsang tur jadwalna (numutkeun lumangsungna dina taun 2006) nya éta dimimitian ku ngayakeun Pra Upacara nu ngawengku *Rasul Paré di Leuit, Mantun* anu dilaksanakeun sapeuting jeput, *Silaturahmi para Rendangan ka Abah*, jeung *Ngarérémokeun* anu dilaksankeun di deukeut leuit. Sedengkeun dina lumangsungna upacara adat, diayakeun préséntasi léngkah-léngkah ngahuma nu unggal taunna dilaksanakeun ku masarakat Cisungsang. Dina lumangsungna upacara adat, réa pisan ku sagala ajén budaya. Saréngséna upacara adat, diayakeun acara pangpungkasna nya éta paska upacara. Paska

upacara ngawengku kagijatan *Rasul Sérén Taun* jeung ditutup ku acara *Nadar*.

Dina *Rasul Sérén Taun*, diayakeun nyieun tumpeng jeung bakakak. Salila nyieun éta tumpeng jeung bakakak, anu nabeuh Angklung jeung Dogdog Lojor teu eureun-eureun nyanyi.

3. Pakakas atawa properti nu digunakeun dina Upacara Adat *Sérén Taun* nya éta:
 - 1) 9 pocong paré anu dibungkus ku boéh tur dikembangan jeung ditanceban ku kembang, 2) sasajén (nu ngawengku Parukuyan jeung Menyanna, kaolahan saperti Opak, Rangginang, jeung cau) 3) Seupaheun, 4) Rujak 7 rupa, 5) Daun Seti, 6) Tumpeng, 7) Bakakak Hayam. Sedengkeun pakéan nu digunakeunana saperti 1) Kamprét, 2) Iket, 3) Bedog, 4) Kabaya, 5) Samping, 6) Karémbong, 7) Sampur, 8) Étém, jeung 9) Tolok. Salian ti éta, alat musik nu dibawa atawa anu ditabeuh nya éta: 1) Angklung Buhun, 2) Dogdog Lojor, 3) Kacapi, 4) Suling, 5) Rengkong, 6) Ujungan, 7) Debus, jeung 8) Pencak Silat. Tina pakakas-pakakas tur properti nu dipaké dina lumangsungna upacara adat téh miboga ma'na anu jero pisan.
 4. Dina Upacara Adat *Sérén Taun* téh réa pisan ku ajén-ajén budayana. Éta ajén-ajén budaya téh bisa katitén tina prosesi lumangsungna upacara adat, di antarana nya éta: 1) ajén basa, 2) ajén kasenian, 3) ajén kamasarakatan, 4) ajén pakasaban, 5) ajén properti, jeung 6) ajén kayakinan.
 5. Kudilaksanakeunana Upacara Adat *Séré Taun* ku masarakat Cisungsang mangrupa salah sahiji cara pikeun ngawewegan jiwa *integritas* jeung *idéntitas* masarakat Cisungsang sorangan. Ku cara méré nyaho jeung ngasosialisasikeun adat budaya nu aya di Cisungsang ka masarakat, boh masarakat Cisungsang

sorangan boh ka masarakat luar, dipiharep masarakat Sunda umumna masarakat Indonesia miboga sisindekelan anu weweg perkara ajén budaya nepi ka mampuh nyanghareupan hal-hal nu ngarusak sistem ajén-inajén sosial budaya.

5.2 Saran

Sanggeus réngsé nalungtik Upacara Adat *Sérén Taun*, karasa réa pisan mangpaatna pikeun panyusun. Nu tadina teu apal nanaon kana Upacara Adat *Sérén Taun*, najan ti leuleutik apal kana ayana Upacara Adat *Sérén Taun* di Cisungsang. Singhoréng acara anu dianggap sakral téh miboga ajén budaya nu luhur pisan pikeun kahirupan.

Sangkan leuwih mangpaat tina ieu upacara adat téh bisa karasa ku balaréa, panalungtik perlu nepikeun saran pikeun kahadéan balaréa, anu di antarana aya ieu di handap.

1. Pikeun Pihak Lembaga Pendidikan

Ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun hiji bahan ajar. Sabab, di jerona réa pisan ku simbol-simbol jeung ajén-ajén pendidikan hususna ajén budaya.

2. Pikeun Pihak Masyarakat

Upacara Adat *Sérén Taun* lian ti mangrupa warisan tradisi ti karuhun, tapi bisa ogé dijadikeun hiji objék wisata nu bisa ngahasilkeun mangpaatna.

3. Pikeun Pihak Penyelenggara

Pikeun nu nyelenggarakeun ieu upacara adat, saé pisan pikeun dijaga tur dilaksanakeun dina unggal taunna. Sabab, ieu upacara adat miboga hal-hal nu

positif. Saperti ayana gawé bareng antara masarakat, ayana ajén basa nu bisa dijaga tur dimumulé supaya teu leungit, ayana ajén kasenian nu terus bakal aya lamun diwanohkeun ka balaréa ngaliwatan ieu upacara adat. Sarta Upacara Adat *Sérén Taun* bisa dijadikeun hiji wisata nu ngahasilkeun mangpaat pikeun masarakat Cisungsang sorangan.

4. Pikeun Pamaréntah Satempat

Ieu Upacara Adat *Sérén Taun* bisa dijadikeun hiji cara pikeun ngaraketkeun masarakat tur bisa dijadikeun modal defisa pamaréntah Banten ngaliwatan wisatawan nu daratang dina lumangsungna upacara adat. Salian ti éta, dilaksanakeunana Upacara Adat *Sérén Taun* bisa ngajadikeun hiji tradisi has Banten.

5. Pikeun Pihak Lembaga Panalungtikan

Panyusun ngarasa ieu panalungtikan téh jauh tina nu ngarana sampurna, atuh kacida hadéna saupama aya garapan samodél kieu dituluykeun deui. Komo lamun widang garapanana leuwih dihususkeun deui sangkan leuwih teleb dina ngama'naanana.